



*Gitugutu 2022*

*Kirundi*

## **Kuko uri akazuyazi, udakonje kandi udashushe...**

(Ivyahishuwe 3,16)

**Kontakt:** Meinolf Wacker  
Kirchplatz 7  
59174 Kamen

**Mobil.:** +49-172-5638432  
**Mail:** [meinolf.wacker@go4peace.eu](mailto:meinolf.wacker@go4peace.eu)  
**Homepage** [www.go4peace.eu](http://www.go4peace.eu)

---

### **Fata ingingo! Make a decision!**

Bakunzi b'Ijambo,

Laodiseya cari igisagara cifashe muri Lykos na Meyandertal mu gihugu ca Turkiya y'ubu. Umuryango mushasha w'abakristu wari wavutse, wari uremye kandi washinze imizi, ari naco gituma Yohani Mweranda yahishuriwe ibiwerekeye. Hafu y'igisagara hari amashuha akiza abantu. Ayo mazi ashushe yatamba agana igisagara ca Laodiseya. Amazi amaze kuhashika yaba yabaye akazuyazi. Abantu bo muri ico gisagara bari baramenyereye iyo sanamu. Amazi ashushe barayakoresha mu gukiza canke mu guhingura ibinyobwa. Amazi akanye nayo aramara inyota. Ariko amazi y'akazuyazi ntaco amaze, aranabishye, bagaheza bakayacira. „Kuba akazuyazi“ ni ukuvanga ibikanye n'ibishushe, gushaka kwegeraniriza vyose muri wewe. Nironderera inzira y'agatangaza ivanga vyose, inyorohera. N'ukuvuga ko nkurikira Yezu, ariko ntari mu nzira yiwe bwite. Urukundo rwitanga vy'ukuri be n'ukwihebera abandi biguma binca inyuma y'amatwi. Si mfata ingingo irashe yo kuba mwiza uko bigenda kwose, ngo simpushe ivyiza. Ijambo ry'Imana ndarizi, ariko ntiryaninjije mu bucuti nyabwo na Yezu. Si We ari hagati mu buzima bwanje, ahubwo nahujije ibindi. Nshaka gufata vyose, ngaca nama muri sokwe niruze, bigahava bihamba ubugumyabanga bwanje.

None amazi acika akazuyazi gute? Bishika iyo bayigije kure y'umuriro, canke umuriro uzimye, canke bayasutsemwo amazi mabisi. Ukwo kuba akazuyazi, bizana buhorobuhoro urukundo rukanye kuri Yezu. Ibindi bintu biguma bitwara ikibanza mu buzima bwanje. Kenshi usanga ukwo kuba akazuyazi kujana n'ukwinezereza mu biduhaza ariko bikaduhuma amaso. Umuntu w'akazuyazi yibwira ko yikwiye wenyene. Ariko gufata umugambi wo gukurikira Yezu kuba kwaratakaye. Iyo sanamu niyo Yohani yari afise ku bakristu b'i Laodiseya, ari naho ababwiye ati :“Iyo nkunda, ndahana kandi ngahanura. None rero ni mwigarure!” (Ivyahishuwe 3,19)

Toma ni we atubwira ati : Mu ntiba y'umutima wanjye nari mfise urukundo rwa Yezu rururumba muri jewe. Nari mfise kuva kare muri jewe icipfuzo co kuba patiri. Ariko nari natoye iyindi nzira y'ivyigwa. Ariko icyumviro co gukurikira Yezu nticari gikomeye muri jewe. Naguma mbaho nk'akazuyazi. Nashaka vyose mu buzima, nkumva rero umenga Yezu ntiyompa kuba umuntu ahiriwe. Ese ukuntu bihimbaye guhwana n'abantu urukundo rw'Imana rururumbamwo. Ukwo kujijuka kwabo kwahavuye kunyandukira, maze urwo rukundo rwa Yezu rururumba muri jewe. Ubu numva mpiriwe vy'ukuri, ko nahavuye mfata ingingo yo gukurikira umuhamagaro wa Yezu. Ese ukuntu ari vyiza ko ntaretse vyose birangaye!“ **Fata ingingo! Make a decision!**